2026

Artikel Budaya Jawa

PESTA LOMBAN (SEDEKAH LAUT) ING JEPARA



TRADHISI PESISIR SABEN 8 SYAWAL



APA KUWI ARTIKEL BUDAYA?

Artikel budaya yaiku tulisan sing ngandharake tradhisi, kesenian, adat, utawa nilai urip masyarakat kanthi cetha lan adhedhasar sumber.
Pambuka: ngenalake topik lan latar.
Isi: njlentrehake sejarah, prosesi, lan makna.
Panutup: dudutan lan pangajab.





LOMBAN ING PESISIR JEPARA

Pesta Lomban minangka tradhisi masyarakat pesisir Jepara sing dianakake saben tanggal 8 Syawal, seminggu sawise Idul Fitri. Tradhisi iki gegayutan karo urip para nelayan lan rasa syukur marang Gusti Allah.

- Wektu: 8 Syawal
- Panggonan: pesisir Jepara
- Pusat larung: TPI Ujungbatu

Sumber: Data Warisan Budaya; Alamsyah, Humanika.

TILAS SEJARAH LOMBAN

1868

Cathetan babagan Lomban Jepara wis ana ing jurnal Hindia Belanda.
1868 minangka taun cathetan, dudu taun wiwitane Lomban.

2013

Panaliten Alamsyah mbandhingake Lomban biyen lan ing taun 2013.
Tradhisi terus owah, dene pangajab berkah lan kaslametan tetep dadi pokok.



RERANGKENING ADICARA

URUTAN PROSESI

1. Persiapan lan kirab: warga nyiapake kabutuhan adicara.
2. Ziarah lan donga: ngurmati leluhur lan nyuwun berkah.
3. Pagelaran wayang: kesenian ngregengake swasana.
4. Larung lan arak-arakan perahu: puncak prosesi ing segara.

CATHETAN

Rincian lan urutan adicara bisa beda saben taun.

Sumber: Alamsyah; Pemkab Jepara; Visit Jawa Tengah.



LARUNG MINANGKA PUNCAK PROSESI



Sawise donga bebarengan, sesaji digawa nganggo perahu saka Ujungbatu menyang segara. Perahu nelayan liyane melu ngiringi prosesi kasebut.

- Syukur marang Gusti Allah
- Pangajab asil laut
- Donga kanggo kaslametan

Sumber: Pemkab Jepara, 7 April 2025.



NILAI SING KATON ING LOMBAN

Rasa syukur: ngelingi rejeki saka segara.
Gotong royong: nyiapake adicara bebarengan.
Guyub rukun: nguwatake sesambungan antarwarga.
Jati dhiri: nerusake tradhisi pesisir Jepara.
Sumber: Alamsyah; Pemkab Jepara.

KUPAT, LEPET, LAN SYAWALAN

Kupat lan lepet raket karo pahargyan Syawalan.
Ing Lomban 2023, gunungan kupat lan lepet ngregengake adicara ing Pantai Kartini.
Panganan tradhisional dadi salah siji bagean saka swasana pesta rakyat.
Sumber: Pemprov Jawa Tengah, Pesta Lomban, Ribuan Kupat dan Lepet Diserbu Warga (2023).





NGURI-URI BUDAYA, NJAGA SEGARA

Saran kanggo generasi mudha:

- Sinau sejarah saka sumber sing bisa dipercaya.
- Nulis artikel lan dokumentasi kanthi ngajeni warga.
- Melu njaga karesikan pesisir.
- Ngurangi sampah plastik nalika ana adicara.

TULADHA ARTIKEL CEKAK

Pesta Lomban, Syukur saka Pesisir Jepara
Pambuka
Pesta Lomban dadi salah sawijining tradhisi pesisir Jepara. Saben 8 Syawal, warga ngregengake pahargyan iki minangka tandha syukur marang Gusti Allah.
Isi
Prosesi larung diwiwiti saka Ujungbatu. Sesaji digawa menyang segara kanthi iringan perahu nelayan. Donga lan pakaryan bebarengan nuduhake rakete sesambungan antarwarga.
Panutup
Lomban ngemot piwulang babagan rasa syukur lan guyub rukun. Generasi mudha bisa nguri-uri tradhisi iki kanthi sinau sejarahe, nulis kanthi tliti, lan njaga karesikan pesisir.
Tuladha tulisan asli, disusun saka sumber ing slide pungkasan.



BEDHAH ARTIKEL: FAKTA LAN PANEMU

FAKTA SING BISA DIPRIKSA

Lomban dianakake saben 8 Syawal.

Prosesi larung mangkat saka Ujungbatu.

Tradhisi wis kacathet wiwit taun 1868.

Lomban gegayutan karo urip nelayan pesisir Jepara.

PANEMU UTAWA SARAN


Generasi mudha perlu nguri-uri Lomban.

Dokumentasi budaya kudu ngajeni warga.

Nulis artikel kudu adhedhasar sumber.

Pitakon isi: Apa? Sapa? Kapan? Ing ngendi? Apa sebabe? Kepriye?





DUDUTAN

Lomban nggambarake urip lan rasa syukur masyarakat pesisir Jepara.
Prosesi lan pakaryan bebarengan nguwatake guyub rukun.
Artikel budaya mbantu nerusake kawruh tradhisi marang generasi sabanjure.
Kepriye carane para mudha melu nguri-uri Lomban?
Matur nuwun.



DUDUTAN

Lomban nggambarake urip lan rasa syukur masyarakat pesisir Jepara.
Prosesi lan pakaryan bebarengan nguwatake guyub rukun.
Artikel budaya mbantu nerusake kawruh tradhisi marang generasi sabanjure.
Kepriye carane para mudha melu nguri–uri Lomban?
Matur nuwun.



SUMBER WACAN


1. Data Warisan Budaya, Kemdikbud. Pesta Lomban. budaya.data.kemdikbud.go.id
2. Alamsyah. Budaya Syawalan atau Lomban di Jepara: Studi Komparasi Akhir Abad ke–19 dan Tahun 2013. Humanika, Universitas Diponegoro.
3. Pemkab Jepara (7 April 2025). Wisatawan Luar Jateng dan Ribuan Warga Ikuti Larungan Kepala Kerbau di Jepara, Tradisi Sejak Abad 19. berita.jepara.go.id
4. Pemprov Jawa Tengah (2023). Pesta Lomban, Ribuan Kupat dan Lepet Diserbu Warga. jatengprov.go.id

BEDHAH ARTIKEL: FAKTA LAN PANEMU

FAKTA SING BISA DIPRIKSA
- Lomban dianakake saben 8 Syawal.
- Prosesi larung mangkat saka Ujungbatu.

PANEMU UTAWA SARAN
- Generasi mudha perlu nguri-uri Lomban.
- Dokumentasi budaya kudu ngajeni warga.

Pitakon isi: Apa? Sapa? Kapan? Ing ngendi? Apa sebabe? Kepriye?



RERANGKENING ADICARA

1. Persiapan lan kirab: warga nyiapake kabutuhan adicara.
2. Ziarah lan donga: ngurmati leluhur lan nyuwun berkah.
3. Pagelaran wayang: kesenian ngregengake swasana.
4. Larung lan arak-arakan perahu: puncak prosesi ing segara.


Rincian lan urutan adicara bisa beda saben taun.

Sumber: Alamsyah; Pemkab Jepara; Visit Jawa Tengah.



DUDUTAN

Lomban nggambarake urip lan rasa syukur masyarakat pesisir Jepara.
Prosesi lan pakaryan bebarengan nguwatake guyub rukun.
Artikel budaya mbantu nerusake kawruh tradhisi marang generasi sabanjure.
Kepriye carane para mudha melu nguri-uri Lomban?
Matur nuwun.



Matur Nuwun

KEPRIYE CARANE PARA MUDHA MELU NGURI-URI LOMBAN?



PESTA LOMBAN NGGAMBARAKE RASA SYUKUR LAN GUYUB RUKUN MASYARAKAT PESISIR JEPARA.

